



Pou Piblikasyon Imedya: 31/05/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO SOU KOUVREFE POU SÈVIS
MANJE ANDEDAN KI LEVE A**

"Pandan mwa me a nou te franchi gwo etap pou reouvè ekonomi nou an epi nan dat 31 me a, n ap leve kouvrefe sou sèvis manje andedan pou ba ak restoran atravè New York yo a minwi.

Menm jan ak tout lòt etap enpòtan nan reouvèti nou an, fen kouvrefe pou sèvis manje andedan an se rezilta Nouyòkè yo ki mete ansan, pratike prekosyon sekirite yo epi vaksinen, pou nou ka defèt viris la epi fè chemen nou vè yon nouvo nòm.

Apwoch reouvèti nou an te toujou baze sou done epi si nou vle rete sou trajektwa kounye a, nou dwe rete vijilan nan tout nivo - espesyalman nan sa ki gen pou wè ak aktivite andedan. Kòm toujou, n ap kontinye travay ak patnè lokal nou yo pou asire ke lokal yo swiv enstriksyon sekirite debaz yo."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)